

Siyati: \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_ Nimewo ID Eta Nouyòk: NY \_\_\_\_\_ oswa Nimewo Sekirite Sosyal (SS No): XXX-XX-\_\_\_\_\_  
(W ap jwenn li nan lèt randevou a nan tèt anlè) (Kat dènye chif yo sèlman)

Ou ka itilize fòmilè sa a pou anrejistre aktivite rechèch travay ou. Enstriksyon yo nan do a. Ou ka itilize Dosye Rechèch Travay ki sou sit entènèt JobZone nou an tou olye de fòmilè sa a. Sèlman klike sou lyen Rechèch Travay JobZone lan lè w ap reklame benefis Asirans Chomaj chak semèn sou entènèt. Ou dwe montre omwen twa aktivite rechèch travay pou chak semèn ke ou fè reklamasyon benefis yo. Tanpri fè sèten ke tablo ki anba a afiche omwen twa antre separe oswa ou anrejistre twa aktivite separe pa sèmèn sou Jobzone.

**Biznis/Anplwayè ou te kontakte:** Dekri travay ou te aplike pou yo a, nan entèvyou ou tale, ak biznis/anplwayè ou te kontakte pandan sèmèn ki afiche anlè a. Ou ta dwe ranpli tout kolòn yo, toutotan ke w kapab. Itilize lòt fèy paye si se nesesè. Premye ranje a se yon egzanp.

Dat kontak la	Pòs ou te aplike pou li	Biznis/Anplwayè non	Non ak tit moun ou te kontakte a (si w konnen)	Metòd ou te itilize pou kontakte l (An pèsòn, telefòn, faks, Imel, sit entènèt, elatriye.)	Enfòmasyon kontak pou metòd ou te itilize pou kontakte li a (Adrès, nimewo telefòn, imel, sit entènèt/URL, nimewo faks)	Rezilta kontak la (si w konnen) (Entèvyou, tann repons, pa jwenn travay la)
2/1/2014	Responsab	ABC Industries	John Smith, Direktè Resous Imèn	imel	<a href="mailto:j.smith@abcinc.com">j.smith@abcinc.com</a>	Entèvyou ki pwograme

**Lòt Aktivite Rechèch Travay:** Dekri kisa w te fè pou w jwenn yon djòb ki pa lye a kontak biznis la/anplwayè a. Gade enstriksyon ki nan do paj aktivite ki sigjere a. Premye ranje a se yon egzanp.

Dat aktivite a	Aktivite ou te fè
3/1/2014	Patisipe nan yon atelye travay sou preparasyon cv nan Sant Karyè Pwofesyonèl.

## Enstriksyon sou Dosye Rechèch Travay

Ou dwe toujou ap chèche travay pandan w ap fè reklamasyon benefis Asirans Chomaj yo. Ou dwe kenbe yon Dosye Rechèch Travay pou chak semèn w ap fè reklamasyon benefis yo epi ou dwe prepare w pou bay yon kopi dosye sa a nan Ministè Travay Eta Nouyòk lè yo mande w. Nou pral verifye enfòmasyon ki sou fòmilè a avèk kontak ki dekri yo. Si ou fè espè ou ba nou fo deklarasyon sou aktivite rechèch travay, nou konsidere l kòm fwod, e nou ka refize w benefis Asirans Chomaj yo.

Ou dwe fè omwen **tw**a aktivite rechèch travay chak semèn, sof si ou gen yon Plan Rechèch Travay ke Ministè Travay apwouve.\* Nou ankouraje w fè plis.

### **Aktivite Rechèch Travay:** Aktivite rechèch travay yo ka gen ladan yo, men pa limite a:

- (1) Itilize resous anplwa ki disponib nan yon Sant Karyè pwofesyonèl lokal oswa atravè yon platfòm sant karyè vityèl ke Ministè Travay bay. Egzanp:
  - (i) rankontre avèk konseye Sant Karyè yo;
  - (ii) resevwa enfòmasyon sou mache travay la nan men pèsònèl Sant Karyè yo sou djòb nan disiplin ou an oswa nan rejyon w lan;
  - (iii) fè evalyasyon konpetans pou djòb ki koresponn;
  - (iv) patisipe nan atelye-travay sou ansèyman; ak
  - (v) jwenn referans djòb nan Sant Karyè a epi fè swivi avèk anplwaye yo.
- (2) Soumèt aplikasyon oswa cv bay anplwayè pou djòb oswa ansye anplwayè ki ka gen opòtinite anplwa.
- (3) Ale nan seminè sou rechèch travay, reyinyon rezo karyè planifye, fwa travay oswa atelye ki gen rapò avèk anplwa ki ofri enstriksyon sou konpetans pou chèche travay.
- (4) Entèvyou avèk Anplwayè.
- (5) Enskri, aplike, oswa pran egzamen ki gen rapò avèk djòb oswa egzamen avan-anplwa pou yon anplwayè leta oswa prive. Tankou egzamen sèvis sivik.
- (6) Enskri epi fè swivi avèk ajans travay prive, sèvis plasman, sendika ak biwo plasman nan lekòl, fakilte oswa inivèsite oswa òganizasyon pwofesyonèl.
- (7) Itilize telefòn, repètwa biznis, entènèt, rezo sosyal, oswa sou sistèm rechèch travay sou entènèt pou fè rechèch travay, jwenn

enstriksyon, mande rekòmandasyon oswa pran randevou pou entèvyou travay.

- (8) Nenpòt lòt aktivite rezonab ki ka ede w jwenn travay.

Kenbe kopi Dosye Rechèch Travay ou yo pou yon ane. Pa voye dosye Rechèch Travay ou a nan Ministè Travay amwens ke nou mande ou sa. Ou ka jwenn plis fòmilè nan yon Sant Karyè Eta Nouyòk, sou entènèt nan [labor.ny.gov](http://labor.ny.gov) oswa nan manyèl reklamasyon w lan Ou ka jere dosye rechèch travay ou a sou entènèt tou nan [www.jobzone.ny.gov](http://www.jobzone.ny.gov).

\*Si ou gen yon Plan Rechèch Travay ke Ministè Travay apwouve, ou dwe fè sa ki di nan plan an epi anrejistre aktivite sa yo nan Dosye Rechèch Travay la. Nou pral verifye Dosye Rechèch Travay ou a pou fè sèten ke ou fè sa ki te di nan Plan Rechèch Travay ou a.